

Chè fanmi 3-K,

Nou kontan pou ofri w Fun with Feelings Play Mat! Zouti sa a se yon fason amizan pou ede pitit ou aprann osijè emosyon.

Timoun ak adilt gn anpil estrès ak emosyon pandan moman distansyasyon sosyal (social distancing) la ak pandemi an. Timoun yo kapte emosyon ki antoure yo epi yo ka gen gwo santiman sou chanjman nan woutin, enkyetid yo sou fanmi ak sou viris la ak gwo chanjman ki gen nan lavi. Jèn timoun yo ka eksprime gwo santiman nan plizyè fason ki diferan – tankou kriye, atachman, ankolè oswa fache pou bagay ki pa konn fè yo fache jeneralman. Ou ka wè li pi difisil pase abityèlman pou konprann kòman pitit ou a santi l. Nou espere **Fun with Feelings** pral yon zouti itil pou jwenn fason pou pale sou gwo santiman ansanm.

Piske se oumenm ki se premye pwofesè pitit ou a ak pwofesè ki pi enpòtan an, ou gen pouvwa pou ede pitit ou aprann sou emosyon. Konprann emosyon ak jere yo se aptitud enpòtan timoun piti devlope avèk tan nan salklas pre-K ak lakay yo. Aptitud sa yo ede timoun viv byen avèk zanmi ak fanmi, kontinye eseye menm lè yon travay difisil, ak reyisi nan lekòl ak apre. Konsèy sou Fun with Feelings Play Mat ba w kèk ide sou kòman pou kòmanse.



EXPLORE

Touche bagay ou wè sou tapi jwèt la (play mat).



RAKONTE YON ISTWA

Fabrike istwa sou moun, kote ak bagay ou wè sou tapi jwèt la.

Ou ka eseye fabrike istwa sou yon timoun sou tapi a ki santi menm santiman kòm pitit ou a.



FÈ YON ASOSYASYON

Asosye santiman ak vizaj.



METE IMAJ KI KÒRÈK LA SOU FIGI A

Asosye ekspresyon vizaj yo ak moun ki nan imaj la.

Si w gen kesyon, tanpri pale avèk pwofesè pitit ou a oswa lidè pwogram la, oswa voye yon imèl pou nou nan DECEThrive@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,

Divizyon Edikasyon pou Debitan

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk